

Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Temwayaj ak Konvèsyon

Gen yon diferans ant resevwa yon temwayaj konsènan laverite ak vrèman konvèti. Paegzanp, Apot Pyè te rann Sovè a temwayaj li pou te di l ke li te konnen Jezi sete Pitit Gason Bondye.

“[Jezi] te di yo, bon, noumenm, kimoun nou di mwenn ye?
“Simon Pyè te reponn: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.

“Lè sa a, Jezi di li: Ou se yon moun beni, Simon, pitit Jan an, paske, se pa moun ki fè w konnen verite sa a, men, se Papa m ki nan syèl la ki fè sa pou ou” (Matye 16:15–17).

Men nan apre, nan konsèy Li te bay Pyè a, Senyè a te bay li menm avèk nou yon gid pou nou vin vrèman konvèti e pou nou kenbe konvèsyon sa a pou tout vi nou. Jezi te di l nan fason sa a: “Lè ou konvèti, fòtifye frè w yo” (Lik 22:32).

Jezi te anseye Pyè ke te toujou gen yon gwo chanjman ki te dwe fèt anplis akeri yon temwayaj pou yon moun kapab panse, santi, ak aji antanke disp Jezikri ki vrèman konvèti. Sa se gwo chanjman nou tout ap chèche a. Lè nou jwenn ni, nou bezwen pou chanjman sa a kontinye rive jis nan fen tan preparasyon nou an sou tè a (gade Alma 5:13–14).

Apati eksperyans pa nou ak nan obsève lòt moun, nou konnen ke travèse kèk gwo moman esprityèlman pisan pa ase. Pyè te nye ke l te konn Sovè a menm apre l te fin resevwa yon temwayaj nan men Lespri a pou te fè l konnen Jezi sete Kris la. Twa Temwen Liv Mòmmon yo te gen temwayaj dirèk yo te bayo pou te fè yo konnen Liv Mòmmon an sete pawòl Bondye, men, nan apre, yo te febli

nan kapasite yo pou soutni Joseph Smith kòm Pwofèt Senyè a nan Legliz la.

Nou bezwen yon chanjman nan kè nou, jan yo dekri nan liv Alma a: “Epi yo tout te rakonte pèp la menm bagay—yo te di kè yo te chanje, yo pa t vle fè anyen ki mal ankò” (Alma 19:33; gade tou Mozya 5:2).

Senyè a te anseye nou ke lè nou vrèman konvèti nan levanjil li a, kè nou ap detounen sou sousi egoyis nou yo e l ap panse avèk sèvis pou edifye lòt moun pandan y ap avanse al nan lavi etènèl la. Pou nou jwenn kalite konvèsyon sa a, nou kapab priye ak travay avèk lafwa pou nou ka vin tounen nouvo kreyati sa a Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a rann posib la.

Nou ka kòmanse pa priye pou lafwa pou nou repanti pou egoyis nou an ak pou nou jwenn don pou nou sou-sye pou moun plis pase pou tèt nou. Nou ka priye pou nou jwenn pouvwa pou nou renonse avèk lògèy ak lanvi.

Lapriye se kle nan zafè resevwa yon don lanmou pou pawòl Bondye a ak pou lanmou Kris la tou (gade Mowoni 7:47–48). Yo toulède mache ansanm. Pandan n ap li, medite, ak priye sou pawòl Bondye a, n ap vin renmen li. Senyè a mete li nan kè nou. Lè nou santi amou sa a, n ap kòmanse renmen Senyè a plis anplis. Epi konsa n ap vin gen amou pou lòt moun nou bezwen an pou nou kapab fòtifye moun Bondye mete sou chemen nou.

Paegzanp, nou ka priye pou nou rekonèt moun Senyè a ta renmen misyonè L yo anseye. Misyonè aplantan yo kapab priye ak lafwa pou yo ka konnen pa Lespri kisa pou

yo anseye ak temwaye. Yo ka priye ak lafwa pou Senyè a fè yo santi amou li pou chak moun yo rankontre. Se pa tout moun misyonè yo ap ka mennen nan dlo batèm ak don Sentespri a. Men, yo ka gen Sentespri a kòm konpayon yo. Atravè sèvis yo epi avèk èd Sentespri a, misyonè yo ap vin chanje kè moun sa yo nan apre, lè moman an rive.

Chanjman sa a ap renouvle ankò epi ankò padan ke yo menm avèk nou ap kontinye ak tout kè nou e pandan tout lavi nou pou nou aji ak lafwa pou fòtifye lòt moun avèk levanjil Jezikri a. Konvèsyon se pap yon grenn evenman oubyen yon bagay k apral dire jis pou yon sezon lavi a men se yon pwosesis kontini. Lavi kapab kòmanse briye plis jiska jou pafè a, kote nou pral wè Sovè a epi rann nou kont ke nou vin menmjan avèk li. Senyè a te dekri pwosesis la nan fason sa a: “Yon bagay ki soti nan Bondye li se limyè; epi yon moun ki resevwa limyè epi ki kontinye nan Bondye, li resevwa plis limyè; epi limyè sa a vin pi klere jiskaske jou pafè a rive” (D&A 50:24).

Mwen pwomèt nou ke sa posib pou nou chak.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Èldè David A. Bednar nan Kolèj Douz Apot yo te itilize yon parabòl pou anseye ke konvèsyon se yon pwosesis kontini olye de yon evenman yon sèl kou: “Liy sou liy, presèp sou presèp, gradyèlman e san nou pa rann nou kont, motivasyon nou, panse nou, pawòl nou, ak aksyon nou vin fè youn avèk volonte Bondye” (“Ye Must Be Born Again,” Liahona, Me 2007, 19). Panse pou nou repase parabòl la avèk moun n ap anseye yo. Kisa nou chak kapab fè pou nou avanse tennfas nan pwosesis gradyèl konvèsyon an Prezidan Eyring ak Èldè Bednar pale a?

JÈN YO

Chanjman nan kè mwen

Dante Bairado

Lè m te fèk aprann sou levanjil retabli Jezikri a, m te santi Lespri a temwaye m ke sete verite. Atravè lapriyè, temwayaj mwen te vin pi asire toujou, epi m te deside pou m te batize.

Tousuit apre batèm mwen, moun nan pawas mwen yo te kòmanse mande m kijan m te santi m sou sèvi yon misyon. Pou m onèt, m pa t konn egzakteman kisa pou m te di. Ide pou m te pati kite fanmi m ak lekòl mwen pou sèvi yon misyon an te parèt etranj pou mwen.

Epi yon jou, m te kòmanse panse sou konvèsyon mwen. M te sonje misyonè yo ki te anseye m nan, ki te trè pasyan nan reponn kesyon m yo ak ede m konprann levanjil la. Mwen te reyalize ke san èd yo, m pa t ap janm dekouvri vrè legliz la. Osito m te vin reyalize sa, dezi pou m t al sèvi a te boujonnen nan kè mwen. M te ka santi Lespri a k ap di m ke m ta dwe sèvi yon misyon aplentan.

M konnen travay misyonè se travay Pè Selès la epi nou ka ede nan fè moun vin gen konesans mèveye sou levanjil retabli a.

Otè a ap viv nan Fortaleza, nan Brezil.

TIMOUN YO

Se pou temwayaj nou briye byen klè

Akeri yon temwayaj se tankou sanble yon dife. Menmjan nou oblije ajoute bwa pou n ka kenbe dife a limen an, se menmjan tou nou dwe priye, repanti, sèvi lòt moun, li ekriti yo, ak respekte kòmandman yo pou ede temwayaj nou briye.

Pou nou aprann plis sou fason pou bati temwayaj nou, li chak ekriti sa yo ki nan lis anba a. Desine yon dife avèk senk gwo flanm. Kolorye chak ekriti nou li nan yon flanm. Plis ekriti nou li, se plis dife a—ak temwayaj nou ap briye tou!

Mozya 2:17

Alma 5:46

Alma 32:27

3 Nefi 15:10

Jan 5:39



Lafwa, Fanmi, Sekou

Kalite Jezikri: san peche

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a fè pati yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye ki dekri kalite Sovè a genyen.

Sovè nou an, Jezikri, sete sèl moun ki te kapab fè yon sakrifis ekspyatwa pou limanite. Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan te di: “Jezikri, Anyo san tach la, te volontèman bay lavi li sou otèl sakrifis la epi l te peye pou peche nou.¹ Konprann ke Jezikri te san peche kapab ede nou ogmante lafwa nou nan li ak fè efò pou nou respekte kòmandman l yo.

Eldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Jezi sete . . . yon moun lachè ak lespri, men li pa t sikonbe anba tantasyon (gade Mozya 15:5). “Nou kapab vire gade li . . . paske li konprann. Li konprann lit la, epi li konprann kijan pou nou genyen bagay la tou. . . .

“ . . . Pouvwa Ekspyasyon l la kapab efase efè peche yo nan nou. Lè nou repanti, gras ekspyatwa l la jistifye nou ak pwòpte nou (gade 3 Nefi 27:16–20). Se kòm si nou pa t sede, kòm si nou pa t sikonbe anba tantasyon.

“Si nou fè efò jou apre jou e semèn apre semèn pou nou suiv pa Kris la, lespri nou ap afime grandè li, batay andedan nou an ap fini, epi tantasyon ap sispann vin tounen latwoublay.”²

Ekriti adisyonèl

Matye 5:48; Jan 8:7; Ebre 4:15; 2 Nefi 2:5–6

Nan Ekriti yo

Sovè a te peye pri pou peche nou yo atravè kalite divin ni kòm pitit, lavi san peche li, soufrans li ak vèsman san li nan Jaden Jetsemani an, lanmò li sou kwa a ak Rezirèksyon li soti nan tonbo a. Gras avèk Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a, nou ka vin pwòp ankò si nou repanti pou peche nou yo.

Wa Benjamin te anseye pèp li a sou Ekspyasyon Jezikri a epi apres a li te mande yo si yo te kwè nan pawòl li yo. “Yo tout te rele ansanm, yo te di: . . . Lespri a . . . opere yon gwo chanjman nan nou, oubyen nan kè nou, ki fè nou pa gen okenn

dispozisyon pou nou fè mal ankò, men okontrè pou nou kontinye fè byen nètalkole. . . .

“Epi nou vle fè alyans ak Bondye nou an pou nou fè volonte l, e pou nou obeyi kòmandman l yo nan tout bagay” (Mozya 5:1–2, 5).

Nou menm tou nou ka gen “yon gwo chanjman” ki fèt nan nou menmjan ak pèp Wa Benjamin an, ki, “pa t pa gen okenn dispozisyon pou nou fè mal ankò, men okontrè pou yo te kontinye fè byen nètalkole” (Mozya 5:2).

NÒT

1. Dieter F. Uchtdorf, “You Can Do It Now!” *Liahona*, Nov. 2013, 56.
2. D. Todd Christofferson, “That They May Be One in Us,” *Liahona*, Nov. 2002, 71.

Konsidere bagay sa a

Nan ki fason yon moun pi diferan avèk yon moun ki pafè?